
Lekòl Piblik Boston

**Akò Paran epi Elèv
2008–2009**

ENPÒTAN!

Souple li paj 34–36 ak anpil atansyon. FÒM DEHAJ yo ak lòt fòm nan paj sa yo se DOKIMAN LEGAL.

Paran ak elèv dwe siyen chak seksyon jan yo mande l la.

ELÈV LEKÒL SEGONDÈ: Si ou pa vle pou nou bay rekwitè ak/oubyen kolèj yo non w, ou fèt pou tcheke nan paj 36 la anwo. Paran w pa oblije siyen seksyon sa a.

Retire seksyon sa a nan livrè a ak anpil atansyon epi voye l tounen bay lekòl la anvan oubyen VANDREDI 26 SEPTANM 2008.

Mèsi!

Lekòl Piblik Boston - Akò Paran epi Elèv

Souple li paj 34–36 ak anpil atansyon. Konplete tout enfòmasyon yo mande yo. Siyen kote yo mande pou siyen an nan pati ki nyanse yo (TOU DE BÒ yo), chire paj la kote ki twouye yo epi retounen l bay lekòl la anvan oubyen 26 Septanm 2008. Siyati ou apre chak seksyon endike ou dakò ak tout seksyon an. Si ou pa dakò, souple trase trè sou pati ou pa dakò ak li a. Si ou gen kesyon oubyen ou bezwen èd pou konprann Akò sa a, rele direktè lekòl la.

Non Elèv la (AN LÈT EMPRIME) _____

Ninwo Idantifikasyon Elèv la (si w konnen l) _____

Non Paran (AN LÈT EMPRIME) _____

Lekòl _____ Kla _____ "Homeroom" _____

1. Nou resevwa yon kopi *Gid Lekòl Piblik Boston pou Fanmi ak Elèv* ak tout yon kopi règleman lekòl kote pitit mwen ale a.
2. Nou konprann Gid sa a genyen ladan l enfòmasyon enpòtan sou Kondisyon Pwomosyon, prezans nan lekòl la, Kod Disiplin, Règleman pou Domisil nan Boston, Règleman pou yon elèv itilize entènèt, lwa sou diskriminasyon, dosye elèv yo, swen ak liv lekòl yo epi pou remèt liv lekòl yo, ak liv bibliyotèk epitou lòt kondisyon ak règleman lekòl yo.
3. Nou konprann Konsèy Direksyon Lekòl la apwouve Règleman Lekòl la kidonk elèv ki vyole règleman sa yo kapab pèdi sèten privilèj nan lekòl la.
4. Nou dakò pou n travay ak anplwaye lekòl la pou nou asire nou pitit nou yo ale lekòl chak jou (eksepte jou pou absans ki gen eskiz yo), epitou pitit nou konplete devwa lakay yo.
5. Nou li rezime Kod Disiplin nan ak tout Règleman Lekòl la nan paj 39-41 Gid sa a. Nou diskite Kòd Disiplin ak Règleman Lekòl la. Nou dakò pou n travay ak tout estaf lekòl la pou n asire nou pitit nou suiv Kod Disiplin nan ak tout Règleman Lekòl la.

Siyati Paran/Gadò _____ Dat _____

Siyati Elèv _____ Dat _____

Deklarasyon Domisil nan Boston

Mwen, paran oubyen gadò non elèv ki make pi wo a, deklare ke elèv la se yon moun ki gen domisil legal (k ap viv) li nan Vil Boston. M dakò pou m avèti Lekòl Piblik Boston nenpòt ki lè m chanje domisil pandan ane lekòl la.

Siyati Paran/Gadò _____ Dat _____

ELÈV KI GEN 18 AN OU PLIS: M deklare m gen domisil legal mwen nan Vil Boston. M dakò pou m avèti Lekòl Boston nenpòt kilè m chanje domisil pandan ane lekòl la.

Siyati Elèv (18 an ou plis) _____ Dat _____

Lekòl Piblik Boston - Akò Paran epi Elèv

Aparisyon nan Medya

M bay pèmision pou lekòl pitit mwen an [non lekòl la] _____ pou anrejistre fim, foto, chita-pale, ak/oubyen ekspozisyon piblik, pou lekòl la distribye oubyen pibliye non pitit mwen an, aparans li ak sa l di pandan ane 2008-2009 la, menm si se estaf lekòl la, elèv oubyen lòt moun andeyò lekòl la, ak tout medya a ki antreprann demach sa a. M dakò pou lekòl la itilize, oubyen pèmèt lòt moun itilize travay sa yo gratis epi san limitasyon. M pap mete okenn chaj sou do lekòl la ak tout anplwaye Lekòl Piblik Boston, ni reklame anyen nan men yo apre pitit mwen an fin parèt oubyen patisipe nan travay sa yo.

Siyati Paran/Gadò _____ Dat _____

Siyati Elèv (18 an ou plis) _____ Dat _____

Kondisyon Akseptab Pou Itilize Rezo Enfòmatrik ak Entènèt

Nan règleman Lekòl Piblik Boston etidyan yo ak estaf yo ap itilize teknoloji pou yo ka gen aksè elektwonik (òdinatè) a rezo enfòmatrik ak tout entènèt ak lèt elektwonik, nan fason moun ki gen konprann epitou ki respekte lalwa. Si yon moun manke respè sa yo, l ap pèdi privilèj pou li itilize rezo sa yo. N ap penalize moun sa a dapre Kod Disiplin nan, epi/oubyen nou ka menm trennen li devan lajistis federal oubyen jistis eta a.

Mwen li epi mwen konprann Kondisyon Akseptab Itilizasyon Entènèt nan Lekòl Piblik Boston nan paj 45 Gid sa a. M konprann itilizasyon entènèt ak lèt elektwonik se yon privilèj nan lekòl Boston yo, se pa yon dwa. Itilizasyon yo fèt sèlman pou bezwen edikatif. M konprann tou Lekòl Piblik Boston ap pran mezi pou l anpeche aksè a nenpòt ki materyèl yo pansè ki pa apwopriye; men paske okenn sistèm filtraj pa san fot, pitit mwen ka rive tonbe sou yon sit ki pa apwopriye. Mwen dakò m pap rann Lekòl Piblik Boston responsab si pitit mwen an ta ekspoze a materyèl ki pa apwopriye li pran sou entènèt la.

Konsa, mwen siyen pi ba a pou m deklare ke m te revize Kondisyon Akseptab pou Itilize Rezo Enfòmatrik ak Entènèt ak pitit mwen an epi mwen ba l pèmision pou li travay sou entènèt la epitou pou l itilize lèt elektwonik nan lekòl pou bezwen edikatif. M konprann si m pa siyen akò sa a, pitit mwen pap otorize pou li itilize entènèt ak lèt elektwonik nan lekòl la.

Siyati Paran _____ Dat _____

ELÈV YO DWE SIYEN DEKLARASYON ANBA A, APWOPO UTILIZASYON ENTÈNÈT LA:

M konprann epi mwen dakò pou mwen soumèt mwen a kondisyon sou konduit mwen jan yo mande l nan Kondisyon Akseptab pou Itilizasyon Rezo Entènèt nan Lekòl Piblik Boston nan paj 42 Gid sa a. M konprann si m ta vyole règleman sa yo, m kapab pèdi privilèj pou m itilize entènèt la ak tout lèt elektwonik epitou kapab genyen aksyon disiplinè kont mwen, lè fini, kapab menm gen aksyon lajistis suivan lalwa federal oubyen lwa etatik yo. Si pa aksidan m tonbe sou yon sit ki pa apwopriye m ap avèti yon pwofèsè oubyen bibliyotèkè a.

M konprann si mwen pa siyen akò sa a, mwen pap gen otorizasyon pou m itilize entènèt ak lèt elektwonik nan lekòl la.

Siyati Elèv (5 an ou plis) _____ Dat _____

Bay Enfòmasyon Sou Elèv

Lekòl Piblik Boston delivre enfòmasyon sa yo san konsantman paran: non elèv yo, dat nesans yo, katye kote yo rete, klas yo, dat prezans yo, patisipasyon yo nan aktivite ki rekonèt ofisyèlman, si yo manm nan yon ekip atletik, degre yo, onè ak pri, epitou plan yo pou apre lekòl segondè. Si ou pa vle pou nou bay enfòmasyon sa yo san konsantman w, tcheke bwat pi ba a epi siyen l:

PINGA ou bay enfòmasyon sa yo san konsantman m.

Siyati Paran/Gadò _____ Dat _____

Siyati Elèv (18 an ou plis) _____ Dat _____

Lekòl Piblik Boston ■ Akò Paran epi Elèv

Elèv Lekòl Segondè: Pase Enfòmasyon Bay Lame ak Lòt Fakilte K ap Fè Anwolman

Anba law federal Okenn Timoun Pa Gen Dwa Ret Dèyè, lekòl piblik Boston fèt pou bay lame ak fakilte k ap fè anwolman yo non, adrès ak nimewo telefòn elèv lekòl segondè yo. Elèv la oubyen paran an gen dwa pou l mande a lekri pou yo PA BAY enfòmasyon sa yo. Si ou pa vle nou bay enfòmasyon sa yo, souple tcheke youn nan bwat pi ba a epi siyen l.

- PINGA ou bay LAME enfòmasyon sou mwen (pitit mwen an).
- PINGA ou bay FAKILTE K AP FÈ ANWOLMAN enfòmasyon sou pitit mwen an

Siyati Elèv OUBYEN Paran _____ Dat _____

Enfòmasyon Medikal Enpòtan

Mwen li paj 28–29 Gid sa a epi mwen konprann ki mezi lekòl la pral pran si pitit mwen bezwen tretman medikal epi/oubyen ap pran medikaman pandan li lekòl la. Mwen konprann li trè enpòtan pou lekòl la kapab jwenn mwen si gen pwoblèm medikal ijan.

Nimewo Telefòn an Ka Dijans (1) _____ (2) _____

Pitit mwen an gen pwoblèm sante sa yo epitou/oubyen fè alèji sa yo:

Pwoblèm sante: _____

Alèji: _____

Lòt enfòmasyon lekòl la dwe konnen konsènan sante pitit mwen an: _____

Mwen otorize lekòl la pou l pase enfòmasyon sa yo m bay pi wo a, bay lòt estaf nan lekòl la pou yo ka kowòdone sèvis pou pitit mwen.

Siyati Paran _____ Dat _____